# Қарақалпақстанда неше адам мүддетинен алдын даўыс берди?

Өзбекстан Республикасы Президенти сайлаўын өткериўши сайлаў участкаларында сайлаў күни өзиниң жасаў орнында болыў имканиятына ийе болмаған сайлаўшылар ушын мүддетинен алдын даўыс бериў 2021-жылдың 14-октябрь күни басланып, 2021-жылдың 20-октябрь күни жуўмағына шекем даўам етти.

Image not found or type unknown

Елимизде дүзилген сайлаў участкаларында мүддетинен алдын даўыс бериў ўақтын саат 09:00 ден саат 19:00 ге шекем, Өзбекстан Республикасының сырт еллердеги дипломатиялық ҳәм басқа ўәкилханалары жанында дүзилген сайлаў участкаларында мүддетинен алдын даўыс бериўди усы сайлаў участкалары жайласқан жердеги жергиликли ўақыт пенен саат 09:00 ден саат 19:00 ге шекем әмелге асырылыўы белгиленген еди.

14-20-октябрь күнлери Өзбекстан бойлап шөлкемлестирилген сайлаў участкаларында улыўма 421 618 сайлаўшы (соннан 301 094 сайлаўшы Өзбекстанда, 120 534 сайлаўшы сырт еллерде) Өзбекстан Республикасы Президенти сайлаўында мүддетинен алдын даўыс берип, өзлериниң Конституциялық ҳуқықларынан нәтийжели пайдаланды.

Ал Қарақалпақстан Республикасында мүддетинен алдын даўыс берген пуқаралар 8 мың 423 адамды қурады.

**1-Қарақалпақстан округлик сайлаў комиссиясы Баспасөз орайы**